



Deklarasyon Enpak Ekite: Renouvèlman UP Academy Dorchester Charter

Tit: Renouvèlman UP Academy Dorchester Charter

Dat: 21/6/22

Èske yo te [itilize Zouti Planifikasyon Ekite](#) Rasyal? Wi Non

Si repons lan se wi, antre dat (yo) nan REPT reyinyon ak lyen pou ranpli REPT isit la: _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Opòtinite ap revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime / rezon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta yo vle nan pwopozisyon/efò a, ki gen ladan l elimine disparite yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo replete idantite gwoup elèv BPS yo ak fanmi yo (gwoup kle yo enkli moun ki nwa, Latinx, Azyatik, endijèn, imigran ki pale plizyè lang, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Objektif aplikasyon pou renouvèlman charter UP Academy Dorchester (UAD) se pou kontinye bay bon jan edikasyon preparasyon pou kolèj ak pwofesyonèl pou popilasyon elèv nou an ki gen anpil ras ak etnik. N ap travay pou bay ak soutni rezilta ekite pou tout elèv yo lè nou idantifye epi elimine prejije pèsonèl ak enstitisyonèl yo, epi nou re-egzamine pratik ak politik nou yo atravè yon apwòch anti-rasis.</p> <p>Enskripsyon UAD ap fèt ak tiraj epi li ouvri pou tout rezidan Boston. Kominote lekòl nou an replete Lekòl Piblik Boston (BPS) an jeneral ak yon enskripsyon aktyèl ki se 99% elèv koulè, 14% elèv ki gen Plan Edikasyon Endividyalize, ak 37% elèv k ap aprann Anglè (ELs). Kat nan sèt manm ekip lidèchip lekòl la se moun ki gen koulè epi Konsèy Administrasyon UP Academy Boston (UAB)/UAD apwouve renouvèlman nou an (5 sou 9 manm yo gen koulè). Ekip lidèchip la gen ladan l, Dwayen Sipò Elèv nou an ki bay ekspètiz epi sipèviz Edikasyon Espesyal (SpEd), EL ak ekip sipò elèv nou yo.</p>

<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon /efò an koresponn ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Plan estratejik nou kòm yon òganizasyon ak priyorite nou kòm yon lekòl koresponn prèske pafè ak BPS. Sa a gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 1.2 Anboche epi kenbe yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal la, etnik ak lengwistik elèv ak fanmi nap sèvi yo. ● 2.2 Sipòte e ankadre edikatè yo pou bay bon jan kalite opòtinite aprantisaj enklizif pou asire elèv ki gen andikap yo byen sèvi nan anviwònman edikasyon jeneral la. ● 3.7 Angaje fanmi yo ak kominote a pou yo konprann bezwen yo epi angaje yo nan pran desizyon ki pataje atravè yon tèks, sou entènèt, sondaj ak apèl. ● 4.3 Defann yon nòm efikas òganizasyonèl ak ekselans pou asire n ap satisfè bezwen elèv yo epi defini sèvis akademik ak sipò fondamantal chak lekòl dwe bay. ● 5.3 Sipòte epi rann lidè lekòl yo responsab pou kreye yon kominote eskolè ki enklizif, kiltirèlman epi lengwistikman adapte epi pwofite lidèchip pwofesè yo. <p>Kounye a Twa priyorite nou yo se:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Reponn ak aprantisaj elèv yo: itilize yon sistèm done ki pi efikas, konsantre sou sougwoup elèv yo pou asire nou konnen egzakteman sa elèv yo aprann epi nou ka byen vit adapte pou aplike yon pi bon pratik pou satisfè bezwen yo. ● Vin yon òganizasyon ki pi ekitab: Nou ap bay fòmasyon devlopman pwofesyonèl pou ekip lidèchip nou an sou ekite, ansanm ak tout sipèvizè sou jesyon atravè diferan liy. ● Devlope epi fòme pèp nou an: N ap konstwi yon modèl pwofesè, yon lidè pwofesè, pwogram operasyon yo ak direktè lekòl yo pou asire yon ekselan enstriksyon ak lidèchip lekòl la. Ekip nou an gen ladan l, lyezon familyal ki baze nan lekòl yo ak yon direktè jeneral pou ekite ak angajman ki fasilite travay enpòtan sa a atravè tout lekòl UP lokal yo. Anplis de sa, n ap kontinye amelyore pwosesis rekritman, kiltivasyon ak anbochaj nou yo pou asire elèv yo reflekte nan estaf nou an.
<p>3. Analiz done yo <i>Ki done yo te analize? Èske li te divize ak ras oswa lòt gwoup kle? Ki sa li te montre konsènan disparite?</i></p>	<p>Done sou pèfòmans elèv UAD yo revize regilyèman ak anplwaye lekòl la ak estaf rezo a ak Konsèy UAB/UAD, divize ak ras oswa bezwen espesyal ak estati EL. Pèfòmans elèv Nwa ak Latinx yo konparab ak kamarad Blan ak Azyatik yo. Pandan pèfòmans elèv ki gen bezwen espesyal ak EL yo an reta dèyè lòt sougwoup, UAD angaje aktivman nan devlopman pwofesyonèl pou pi byen adrese bezwen yo.</p> <p>Lekòl la, rezo a, ak Konsèy administrasyon an egzamine regilyèman done konsènan kilti, prezans ak sondaj yo, sa ki pèmèt amelyorasyon nan estrateji pou maksimize efikasite nan tan aprantisaj la, sitou pou elèv ki soti nan popilasyon ki istorikman majinalize. Demann pou Renouvèlman Charter UAD a gen ladann anpil egzanp done detaye ki gide travay nou an.</p>

<p>4. Angajman moun ki gen enterè yo <i>Ki moun ki te angaje (kantite, gwoup kle, ak wòl) ak ki jan, e ki sa ki te bay? Ki sa etidyan/fanmi ki pi afekte akoz pwopozisyon/efò sa a te di?</i></p>	<p>Nan kad planifikasyon estratejik nou an ki gen rapò ak demann sa a, yo te konsilte gwoup ki gen elèv ak fanmi ki reprezante popilasyon lekòl nou an. Tout moun ki gen enterè yo sipòte demann UAD pou renouvèlman charter.</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal <i>Ki jan pwopozisyon/efò sa a diminye disparite epi ogmante ekite rasyal ak lòt ekite? Ki sa ki konsekans entansyonel posib? Ki estrateji konplemantè ki pral plis avanse ekite?</i></p>	<p>UAD fè pati yon estrateji nan tout distri a pou diminye disparite opòtinite ki genyen yo. Espesyalman, BPS te mande UAD pou l reòganize yon lekòl ki gen difikilte ak popilasyon elèv kote majorite se koulè. Apwouve amannman modifikasyon UAD a pral asire yon opsyon bonjan kalite epi kontinye disponib pou elèv yo, sitou elèv koulè yo, atravè yon sistèm lotri aksesib ki enkòpore nan pwosesis aplikasyon distri a. Nou pral kontinye investi nan sipò pou tout elèv yo, sa gen ladan bonjan kalite pwogram ki konsantre sou elèv, ansèyman, revizyon done ak estrikti sipò, ki gen ladan yon dwayen pou sipò elèv yo. Ane sa a, n ap ajoute yon direktè ki devwe pou alfabetizasyon ak yon direktè pou elèv k ap aprann plizyè lang; yo chak pral travay ak dwayen sipò elèv nou yo pou kreye yon vizyon klè pou amelyore siksè akademik pou tout elèv yo, sa gen ladan elèv SpEd ak EL yo.</p>
<p>6. Bidjè & Aplikasyon <i>Ki sa ki bidjè enpak yo? Ki jan aplikasyon an pral asire tout objektif, patikilyèman objektif ki gen rapò ak ekite, yo reyalize? Ki idantite gwoup yo nan ekip aplikasyon an, epi èske yo pral pote yon atansyon sou ekite?</i></p>	<p>Finansman pou UAD yo te enkli nan bidjè debaz BPS la chak ane depi 2013, epi li enkli nan bidjè FY23 a. Apwobasyon aplikasyon chanjman sa a pa pral ajoute lòt frè.</p> <p>Lidèchip Rezo Edikasyon UAD a ak UP vin reprezante elèv nou yo pi plis, epi li pote yon atansyon ak ekite rasyal nan tout desizyon yo.</p>
<p>7. Responsabilite & Kominikasyon <i>Ki jan enpak yo pral evalye, dokimante ak kominike bay moun ki gen enterè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Konsèy Administrasyon nou an te apwouve demann UAD pou renouvèlman charter, epi Boston Teachers Union ap analize pwosesis apwobasyon li. Si Komite Lekòl la apwouve demann UAD a pou renouvèlman charter, li pral voye l bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) pou apwobasyon final la an janvyè 2023.</p> <p>DESE, BPS, ak Konsèy Administrasyon UAD yo responsab pou sipèvizyon ak responsablite lekòl la pi devan. Sistèm responsabilite DESE pou tout lekòl yo, Kritè pèfòmans espesifik Charter School yo, sistèm entèn BPS ak UP yo asire responsablite kontinyèl.</p>